Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение
Средняя общеобразовательная школа №19

ПРИНЯТА
на заседании педагогического совета
МКОУ«СОШ №19»
Протокол от ________№ 1
«31» август 2023 г

УТВЕРЖДАЮ:
директор МКОУ «СОШ№19»
__________ Корголиев У.И
Приказ от 1.09.23 № 120/1

# Дополнительная общеразвивающая программа общеинтелектуальной направленности «Ирсилал»

Возраст учащихся:12-13 лет
Срок реализации программы:2 года
Составитель:
учитель первой квалификационной категории
Алхасова Хадижат Султанбеговна

на 2023-2024 учебный год

Программаялъе баян

*Рахьдал мац1алъул асараз жидеего хасиятаб къаг1идаялда нилъер халкъалъул рук1а-рахъин лъазабизе кумек гьабула, бич1ч1инабула умумузул тарих,вакилзаби,гьезул къваридаб къисмат, гьел лъазарулаго, нилъее баянлъула цебесеб г1умруги жакъасеб къоги, бичIчIуна халкъалъул къисмат. Гьел руго нилъер халкъалъул гIумруялъул кIвар бугел лъугьа-бахъиназул нугIзаллъун.Ахираб заманалда рахьдал мац1ал х1акъир гьари , цо дагьабниги умумузул тарихалде рокьи бугев гьит1инав к1удиясда рек1еда х1унсулеб буго. Гьел асараз лъимал т1амула миллатазул адаб-х1урмат гьабизе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи бищун къиматаб бечелъи х1исабалда къабул гьабизе.*

**Школалъул к1вар бугеб масъалалъун ккола ;**

- г1ун бач1унеб г1елалъе щулияб ва гъваридаб лъай кьей. Гьезулъ бугеб лъай, практикаялда х1алт1изабизе бажари. Авар литературияб мац1алъул бечелъи ,рух1иял рахъал ц1алдохъабазда рич1ч1инари ,жидерго миллияб мац1, маданияб рахъ х1исабалда, ц1унун бажари , гьеб цебет1езаби ва т1адег1анаб даражаялда хадусеб г1елалъухъе кьей

- умумуз нилъее ирслъун тараб рух1ияб хазиналъун кколеблъи лъималазда бич1ч1инаби;

-лъик1лъи –квешлъи борцун,умумуздасан ирсалъе щвараб хазинаялде рокьи ц1ик1к1инаби, сахаватав инсан куцай.

- маргьабазул багъадуразул мисалаздалъун, рит1ухълъи бокьизе, т1екълъи рихине , жал рижараб Ват1ан сундасаго хиралъизе малъи;

-умумузул тарих, вакилзаби,гьезул къваридаб къисмат, гIумру лъазаби, гьудуллъи ва вацлъи нилъер къуват бук1ин баян гьаби;

- ц1алдохъабазул г1умруялъул х1албихьи бечед гьаби, г1умруялда дандч1валел г1емерал лъугьа-бахъиназе бит1араб къимат кьезе ругьун гьари;

-Ц1алдохъабазул к1алзул калам, пикру цебет1езаби, лъик1аб ц1алиялъул ругьунлъаби церет1езари, раг1абазул нахърател ц1ик1к1инаби.

- Ц1алдохъабазул лъайгун бажари борхизаби. Художествияб раг1ул маг1наялда хадур гъезари

-Рахьдал мац1алде рокьи бижинаби,гьудуллъи - вацлъиялде, бах1арчилъиялде г1ун бач1унеб г1ел ругьун гьаби;

-Ханзабазул,багьадуразул,г1ажаибал ясазул хасият- г1амалалъул анализ гьабулаго,ц1алдохъаби г1илла-мурадалъул гьоркьорлъаби ратизе , гьезие бит1араб къимат кьезе ругьун гьари ва гъваридал образазул литературиял асарал лъазариялде лъимал х1адури;

-т1ахьал ц1ализе гьира- шавкъ бижинаби,пасих1го ц1алиялъул бажари камиллъизаби.

-Сценаялде рахъун лъимал ругьун гьари, ва г1адамазда цебе гьез эркенаб маг1арул мац1алъ жидерго бажари бихьизаби.

# Тематикияб план

| | *Тема* | *Саг1ат* | *Рокъобе х1алт1и* |
|---|---|---|---|
| 1 | Кружокалъул мурадал. Х1алт1изаризе ругел т1ахьазулгун лъай-хъвай. | 1 | Лекция лъазе. |
| 2 | Р.Х1амзатовасул 100сон т1убаялде церерахъин(флешмоб) | 2 | Куч1дул лъазе |
| 3. | Маргьабазул тайпаби | 2 | Лекция лъазе. |
| 4. | Халкъиял маргьаби | 2 | Лекция лъазе |
| 5 | Маргьа «Рахъухъиркщ» | 2 | Х1асил лъазе,. |
| 6. | Маргьа «Ч1илбик1 ва хъартай» | 2 | Х1асил лъазе |
| 7 | Маргьа «Къайицадахъал» | 2 | Сурат бахъизе. |
| 8 | Ц1алдохъабазул церерахъин | 2 | |
| 9 | Маргьа «Бац1ил кеч1» | 2 | Х1асил лъазе |
| 10 | Маргьа «Ралъдал чу» | 2 | Маргьа лъазе |
| 11 | Маргьа «Бечелъи к1варич1о ,махщел бокьила» | 2 | Х1асил лъазе |
| 12 | Сочинение «Маргьа-хазина» | 2 | Лекция лъазе. |
| 13 | Маргьа «Гъалбац1ги бац1ги, церги» | 2 | Х1асил лъазе |
| 14 | К/ц. Раг1ул текст ч1аго гьаби(драматизация) | 2 | Раг1аби лъазе. |
| 15 | Ват1аналъул х1акъалъулъ куч1дул | 2 | Рек1ехъе лъазе |
| 16 | Улбузул х1акъалъулъ куч1дул | 2 | Рек1ехъе лъазе |
| 17 | Мац1алъул х1акъалъулъ куч1дул | 2 | Рек1ехъе лъазе |
| 18 | Рагъул х1акъалъулъ куч1дул | 2 | Рек1ехъе лъазе |
| 19 | 21 февраль- рахьдал мац1азул къо.- Куч1дул ц1алиялъул к1ец. | 2 | Куч1дул лъазе. |
| 20 | Драмиял асаразул малъа-хъвай | 3 | Проектияб х1алт1и |
| 21 | Пьеса «Хьитазул устар» | 2 | Х1асил лъазе |
| 22 | Пьеса «Балагьалъул гъамас» | 2 | Пьесаялъул байбихьи,бищун иш х1алуцараб бак1 ва ахир батизе. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 23 | Пьеса «Айдемир ва Умайгьанат» | 2 | Х1асил лъазе |
| 24 | Пьеса «К1одоласул ригьин» | 2 | Багьадуразул образ рагьизе |
| 25 | Маргьа «Церги Бакьучги» | 2 | Х1асил лъазе |
| 26 | Церерахъин .Рагl1ул текст ч1аго гьаби(драматизация) | 2 | |
| 27 | Маг1арулазул гьара-рахьиял | 2 | Лъазаризе |
| 28 | Лъимал гьаридал гьарулел гьара-рахьиял | 2 | Лъазаризе |
| 29 | Рокьул гьара-рахьиял | 2 | Лъазаризе |
| 30 | Ригьин –ц1аялда хурхарал гьара-рахьиял | 2 | Лъазаризе |
| 31 | Маг1ишат-яшавалда хурхарал гьара-рахьиял | 2 | Лъазаризе |
| 32 | Зигара бай | 2 | Лъазаризе |
| 33 | Бат1и-бат1иял гьариял | 2 | Лъазаризе |
| 34 | К/ц. «Поле чудес» | 2 | Т1ахьидаса курсалде гъорлъе инч1ел маргъаби ц1ализе. |

**Бажаризе ккола:**

- Загьир гьабизе маргьабазулъ бугеб халкъалъул пикру

- Лъазарурал асарал пасих1го ц1ализе ва х1ужжаби рачун, камилго х1асил гьабун, жиндирго пикру загьир гьабизе;

- цересел тарихиял лъугьа-бахъиналги гьанжесеб г1умруги данде ккун, г1умруялъе ва багьадурзабазе бит1араб къимат кьезе

-сценаялде рахъун, г1адамазда цебе эркенаб маг1арул мац1алъ жидерго бажари бихьизабизе

**Литература:**


1. Муртазаг1алиев М.Маг1арул халкъиял маргьаби.
2. Журнал «Х1акъикъат»№32 .2014с.
3. Расулов М.П,Садуев М.М,Юсупов Г.Ю,Расулов К.М. Маг1арулал годек1анир 1991с.
4. Хайбуллаев С.Х., Халидова М. Х. Халкъияб хазина 2002с.
5. Г1алиханов З. М. Авар кицаби ва абиял.1972с.
6. Гьимбатов М.С.,Усахов М-Р.Авар адабияталъул чирахъ.1994с.

## Список учащихся

| | Ф.И.О. | класс |
|---|---|---|
| 1 | Адуева Хадижат | 6Б |
| 2 | Абдулахитова Амина | 6Б |
| 3 | Имамирзаев Саид | 6Б |
| 4 | Магомедов Зайнудин | 6Б |
| 5 | Саидбегов Мухаммад | 6Б |
| 6 | Абдулатипов Магомед | 6Б |
| 7 | Исламова Зайнаб | 6З |
| 8 | Исламов Магомед | 6З |
| 9 | Делеев Адам | 6З |
| 10 | Гусейнова Амина | 7Б |
| 11 | Хасбулатова Марям | 7Б |
| 12 | Исламов Ислам | 7З |
| 13 | Алиев Али | 7З |
| 14 | Абдурахманова Зайнаб | 7Е |
| 15 | Госенакаев Мухаммад | 7Е |

## График

| | Пн | Пт | Чт | Пт | Сб |
|---|---|---|---|---|---|
| | Занятие на 6 ом уроке 1й смены | Занятие на 6 ом уроке 1й смены | | | |
| | занятие | занятие | | | |
| | занятие | занятие | | | |
| | занятие | занятие | | | |